Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 45 (7596)
12 октябрь
Хамиз
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

ВатIан цIуни

## Комиссиялъул данделъи



Дагьал цере къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIер, районалъул рагъулаб комиссиялъул пред. ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана гьеб комиссиялъул данделъи. Гьениб гьабураб докладалъул ва районалъул рагъулав комиссар Къ. ХIасратовасул баяназда рекъон, кIвар буссинабула РДялъул СВОялъул кьеразулъе контракт хъван, хъулухъ гьабизе гIолилал рит1иялъул суалазде. Гьелда данде кколеб хIукмоги къабул гьабуна данделъиялда.

Гьенибго «Унсоколо район» МОялъул росабазул бутIрузда тIад къана гьеб суал бичIчIигун гIумроялде бахъинабиялъе рагъулаб комиссариаталъе кумек гьабизе, хасалихълъиялъул призывалъул компания гIуцIадго иналъе гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе, гьелда гьоркьоре рачине рухIиябгун тарбия кьеялъул гIадамал. Бихьизабуна рузманалдаса хадуб иш т1аде кколез бугеб хIалалъул бицине ккелин. Суал борхун букIана рагъулаб комиссириаталъ запасалда ругезул суалалда тIадчIей гьабеян, гьезда лъазабуна хадубккун комиссариаталъулгун бухьен букIинабизе ккелин.

* * *

Нахъеги ахIана хасалихълъиялъул призывалъул бицунеб данделъи. Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана рагъулав комиссар Къ. ХIасратовгун. Бицана I октябралда байбихьанин хасалихъе рагъулаб хъулухъалде ахIиялъул иш. Гьеб суалалда хурхун хIалтIи халат бахъине буго 3I декабралде щвезегIан. Гьабулеб хIалтIи жеги хIаракатчIилъизабизе ахIана комиссиялъул пред. ГI. НурмухIамадовас г1ахьаллъарал.

### Унеб буго подписка

Районалъул гIумро цебе бихьулеб,
Гьелъул рекIел кIутIи жаниб рагIулеб,
ХIакимасда цебе, дур мурад лъолеб,
Воре кIочон тоге, газета хъвазе.
Гьелъул гьурмаздасан дуца цIалила
ЦIар арал умумаз, нахъа тараб нух.
Гьал захIматал соназ, жакъасеб гIелалъ
ГIумруялъулъ толеб, лъикIабгун квешаб.
Щибаб анкьалъ рокъоб миккилъун рештIун,
Дуда гьелъ бицина битIараб, тIекъаб.
Сахлъиги рохелги дур рокъой щолеб
Малъа-хъваязулгун гьабила лъай-хъвай.
Дуе хIукуматалъ рихьизарурал
ГIарцул кумеказул, баянал кьела.
Кисан кинаб бугеб, щвезе рес бугищ?
Бугебги, гьечIебги дуда бицина.
Лъалареб малъизе, ккараб бицине
ГьечIебха, гьалмагъ дуй, дун гIадаб гьудул
Властгун халкъалъул гьоркьохъанин дун
Воре кIочон тоге «Ахихъан» хъвазе.

Кавказалъе гIоло-рагъ

## Нилъер рухIияб къуват бекизе гьечIо



9 октябралда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда тIобитIана бищунго цIикIкIараб биял гIодоре т1ураб КIудияб ВатIанияб рагъулаб заманалда Кавказалъе гIоло букIараб къеркьей лъугIаралдаса 80 сон т1убай к1одо гьабуна гьал къоязда. Гьеб цIар рагIараб къоялда хурхун кIудияб ВатIанияб рагъулъ гIахьаллъаразе бараб обелискалда цебе тIугьдул лъеялде буссараб тадбир букIана Майданалда. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, бетIерасул зам Ж. Шамсудинов, культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев ва цогидалги. Тадбиралда ГI. ГIабдулаевас бицана нилъер солдатазул къвакIиялъул, къо хIехьеялъул.

-ТIолабго улкаялъул гIемер миллатазул халкъ гьел санаzда цолъана кидаго букIинчIеб хIалалъ. Киса-кибего Кавказалъул халкъалъ; МахIачхъалаялда, Дербенталда Бакуялъул ракьалда 90 азаралдаса цIикIкIарал халкъги цолъун, данде рахъана тушманасде ва кинго бекизабизе кIвечIо гьезул рухIияб къуват. Гьеб заманалда хварал солдатал кIочонгутIи нилъер гIолеб гIелалъул тIадаб ханлъи ккола-ян бихьизабуна к1алъалаго ГI. ГIабдулаевас.

Жеги хIалалда толеб гьечIо тушбабаз нилъер улка, амма жакъаги лъиданиги бекизабизе кIвезе гьечIо нилъер рухIияб къуват. Хадубккунги бергьенлъи букIине буго нилъехъ,-ян бихьизабуна гьенир к1алъараз.

Данделъаби

### ХIалтIабазда хурхун

«Унсоколо район» МОялъул гьабураб хIалтIул хал гьабулеб комиссиялъ информация кьуна Майданское росулъ автомашинабазул нухазе капиталияб ремонт гьабиялъул бугеб хIалалда хурхун. Гьенир нухазда хIалтIаби гьарулел руго «Проект местной инициативы» республикаялъул программаялда рекъон.

Гьеб суалалда хурхун хIалтIаби гьарулел подрядчикасда рихьизаруна гIоларел рахъал ва хIалтIи гьабизе кколеб куц.



### Аслиял суалалгун



I0 октябралда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIобитIана иргадулаб аппаратalъул данделъи. Гьениб бицана ЖКХялъул, лъай кьеялъул, росдал магIишаталъул, экономикаялъул, туризмалъул ва хасало хинлъи чIезабиялъул.

БетIерасул зам. ХЪ-М. ГIабдулхаликъовас тIадчIей гьабула ралел бакIазда. Бицана Рихьуни росулъ лъим чIезабиялъул, Майданскиялда гьарулел нухазул ва Унсоколо искусстваялъул школалда унел ремонтазул.

Школазда хасало хинлъи чIезабиялъул ва токалъул хIалтIуда тIадчIей гьабуна ГI. НурмухIамадовас.

Лъай кьеялъул, ай ОГЭ – ЕГЭ кьеялде хурхун видиобухьеналдалъун анализ гьабиялъул ва Унсоколо росулъ цIияб ясли-ах рагьиялъул бицана лъай кьеялъул отделалъул нач. М. МухIамадовас.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 45 (7596)
12 октябрь Хамиз
2023 сон



## ГьаракIуни школа балеб буго

Гьал къоязда районалъул бетIер ГI.НурмухIамадов щвана ГьаракIуни росулъ I20 лъимадуе бакI бугеб школа балеб бакIалде. Гьениб тIун, бетоналъул къучIал лъун руго балеб цIияб школаялъул корпусалъе. ХIалтIаби гьарулел руго анлъго спецтехникаялъ ва I3-I5 чиясдасан гIуцIараб бакIал ралеб бригадаялъ.

**РакIалде щвезабилин;** цIияб объект базе байбихьана «Демография» миллияб программаялда рекъон.



Ислам: ГIадамал кантIиялъе

# Аллагьасул хIалкIолъи

**Гьал къоязда нилъер районалда унеб букIана щибал заманабазул Аварагасул (с.т.гI.в) МухIаммадил ва цогидазулги хириял реликвиял рихьизари. Гьезухъ ралагьизе рачIана цохIо нилъер районалдаса гуребги тIолабго Дагъистаналдасаго гIадамал.**

Хириял реликвиял рихьизарулел къоязда нилъер ракьцоясул гIумроялъулъ лъугьана ракIазе цIикIкIараб асар гьабулеб лъугьа-бахъин.

ГIабдулмуслимов Мурад ДарбишхIажиевич ккола нилъер районалъул ХъахIабросулъа. Дагъабго тIадчIей гьабизин гьесул араб гIумроялда.

2022 соналъул 25 маялда, радал хехго заманалда Карачаево-Черкессиялъул ракьалда гьев хIалтIизе унаго ккола авариялде. Гьелъул хIасилалда гIолиласул рукIуна гIемерал лъукъа-къотIиял: Чанго бакIалдасан зарал ккун, ай бекун букIуна гьодил чIоло, каранзул ракьа, микьго хьабалухъа гIучI, хъурун букIана кваранаб хIатIил ракьа . ГIемераб заманаялъ, ай ункъго моцIалъ чанго нухалъ сах гьавуниги, вукIана бусаде ккун.

Хадуб Москваялде вачун гьабула бохалъе операция, гIемераб заманаялъ вукIана костылабазда. Хадуб гьабураб операциялъги кьоларо лъалеб хIасил, гьединго операция гьабизе ккола гьодиеги.

Гьале реликвиял районалда рихьизарулел къояз Мурад гIагарлъиялъул кумекалдалъун вачIуна Шамильхъалаялъул мажгиталде. Гьенивеги жаниведи щун, хIалицаго къватIиве унаго гьасда цояс абула: «Цодагьаб мехалъ реликвиязда аскIов чIезе чи хIажат вугин», жив бегьиларищан абула гьесда гIолилас КIвеладай,- ян дандияс абуниги, гьав уна реликвиял ругеб бакIалде, кигIан ругъунал унтулел ругониги реликвиял ругел столалда тIад кIиябго кверги чIван, гьас Аллагьасде гьарула: «Я хирияв БетIергьан, дие къуват кье цо дагьаб мехалъ гьав хирияв Аварагасул хIурмат гьабун, гьесул реликвиязда аскIов вахъун чIезе,»- абун. Цо заманаялдасан Мурадил берда цебе паркъула хъахIаб пардавалда цебе чиясул сипат. Гьасул черх цIуцIрахуна, ва Мурад лъавудаса уна. Хадуб лъугьунеб жо бичIуларого цо рахьалде



костилялги лъун, гьелги ругеллъурго тун, гьав цевехун уна. АхIулеб букIуна бакъанил как, кинабго кIочон как балезда гьоркьов чIола гьав, лъалеб букIунаро щибниги унти, как бала суждаялдаги чIун. Гьедин гьав лъугьана бокьараб бакIалде униевлъун чанго лахIзаталда жаниб.

« Лъала, дун гьалъие мустахIикъав вукIинчIо, амма бихьаралъ тIубанго хисизабуна дир гIумроялдехун бугеб гьоркьоблъи, кибго сабаб батичIев дие лахIзаталда жаниб сахлъи кьурав ТIадегIанасе рецц гьабула дица»...- ян магIу бацIунаго бицана гIолилас.

Мурад Г1абдулмуслимов гьабсагIаталда лъикIаб сахлъиялда вуго.( **Сураталда М. Г1абдулмуслимов)**

Лъималазде-кIвар

## ХIалтIи дандбан гIуцIизин

Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда букIана саназде рахинчIел лъималазул ихтиярал ва жалго цIуниялъул комиссиялъул данделъи. Гьенир гIахьаллъана районалъул рух1ияб гIумроялъул, жанисел органазул ва АТКялъул вакилзаби.

Данделъи бачана комиссиялъул пред. Ж. Шамсудиновас. Гьелъул балагьиялде росун рукIана саназде рахинчIел лъималазда хурхарал кIвар бугел суалал. МВДялъул отделалъул ИПДНалъул жавабияв М. Сайпудиновас бицана саназде рахинч1ел лъимал гIахьаллъарал, санагIат бахъарал ишазул. Гьединазулгун гьаризе кколел хIалтIабаздаги т1адч1ей гьабуна гьес. Лъималазулгун гьарулел хIалтIабазда хурхун иш тIаде кколезе кьуна тIадкъаял.

Данделъиялда кIалъалаго Ж. Шамсудиновас бихьизабуна лъималазулгун гьабулеб проект хIалтIи профилактикаялъул органазул х1алт1и киназдаго данд бан гьабизе кколин.

Гьенирго балагьана лъималазулги гьезул божаразулги административиял материалазухъ. Рихьизаруна лъималазул тарбия-лъай кьолел учреждениязъ х1алт1и данд бан гьабизе ккелин. К1вар кьуна гьабулеб х1алт1ул аслиял рахъазде.

Лъай кьей

# ЛЪАЙ КЬЕЯЛЪУЛ ОТЛИЧНИК



Унсоколо районалъул Балахьуни росдал г1аммаб гьоркьохъеб лъай кьеялъул гьабула школалъул муг1алим, 1983 соналъ гьаюрай Загьидат Мух1амадова г1уна учительзабазул хъизаналда, гьелъул к1удияй яцги вацги ккола педагогал. 2005 соналъ ДГПУлъул филологияб факультет лъуг1изабурай З.Мух1амадовалъ 18 соналъ гьоркьоса къот1ич1ого лъайги тарбияги кьолеб буго г1ун бач1унеб г1елалъе. Гьелъие бищунго г1агараблъун кколеб буго педагог-г1алимчи Л.В.Занковасул дарс кьолеб къаг1ида(методика). Гьесул къаг1идаялъул аслу ккола: лъимал жалго жидедаго ч1ун ургъизе, х1алт1изе ругьун гьари, муг1алимас г1иц1го гьел т1ад ургъизе т1амулел суалал кьола. Гьедин гьабиялъ ц1алдохъабазда малъараб дарс ц1ик1к1ун рак1алда ч1олеб буго. З.Мух1амадовалъ малъулеб г1урус мац1алъул ва адабияталъул дарсазда х1алт1изарула бат1и-бат1ияб къаг1идаби: классалъул лъимал рикьула заг1ипал, гьоркьохъел ва ц1ализе гьунар бугезул къокъабазде. Щивав ц1алдохъанасе гьесул бажари, лъаялда рекъараб т1адкъай кьола, т1амула карточкабигун х1алт1изе, «Поле чудес» х1ай, гьединал ва цогидалги къаг1идабаз кумек гьабула лъимал лъик1 г1енеккиялъе ва гьезул «свак» чучиялъе.

Гьаб ц1алул соналъ муг1алималъ дарсал кьолел руго анлъабилеб ва жинцаго нухмалъи гьабулеб 9 классазул ц1алдохъабазе. Дун г1одов ч1ун вуго Загьидатица дарс кьолеб классалда. Цониги раг1и гьаракь борхун абулеб бук1инч1о учительницаялъ, гьелъул х1еренаб, рек1елъе бортулеб каламалъ куркьбалги рижун, роржунел ругин лъимал лъаялде, г1акълуялде, г1аданлъиялде данде,- абун рак1алде кколеб бук1ана муг1алималъухъ г1енеккарав дида. Жиндирго х1алт1и бокьулеб ва гъваридаб лъай бук1иналъ З.Мух1амадовалъе кумек гьабулеб буго х1алт1улъ бергьенлъаби щвеялъе. Масала, 2019-2020 ва 2020-2021 ц1алул соназ литератураялъул бут1аялда Т1олгороссиялъул олимпиадаялде призерал х1адур гьаруралъухъ лъик1аб кьимат кьуна гьелъул х1алт1уе. Республикаялъул бажари-гьунар бугел лъимал т1атинариялъул Централъул к1иго диплом щун буго гьелъие. Гьебго соналъ З.Мух1амадова мустах1икълъана «Дагъистан республикаялъул лъай кьеялъул отличник»,- абураб каранда балеб г1аламаталъе, гьединго районалъул лъай кьеялъул отделалъул Х1урматалъул грамотабазе, г1арцулаб сайгъаталъе ва баркалабазе.

**(Ахир 4 гьумералда)**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 45 (7596)
Хамиз
12 октябрь 2023 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере



## Внимание: **мошенники!**

**«Уважаемые жители Унцукульского района! Прокуратура Унцукульского района Республики Дагестан разъясняет жителям района о праве обращения с жалобами в органы прокуратуры на действия (бездействие) должностных лиц правоохранительных органов, отказавших в принятии заявления о неправомерном списании денежных средств с Ваших счетов».**

## Новый вид мобильного мошенничества



Речь идет о схеме, аналогичной получению доступа в Онлайн-банки. Мошенники под предлогом поданной заявки на формирование и направление Вам справки 2-НДФЛ инициируют по телефону восстановление доступа к учетной записи пользователя портала «Госуслуги», чтобы взломать его аккаунт.

В этой схеме справка 2-НДФЛ – лишь предлог для звонка, так как в преддверии декларационной кампании самая актуальная тема.

Для этого при входе в аккаунт они вводят номер телефона жертвы, после чего звонят пользователю и просят продиктовать код, полученный в SMS. Зная код, мошенники генерируют новый пароль, а реальный пользователь теряет доступ к своему аккаунту. После чего у мошенников имеется доступ к персональной информации и документам, прикрепленным на портале «Госуслуги»: СНИЛС, ИНН, серию и номер паспорта и другим документам.

Если вам позвонили и предложили сформировать справку 2-НДФЛ с помощью портала «Госуслуги»:
– положите трубку и не сообщайте никаких данных!
– не отправляйте SMS с кодами, не меняйте пароль с помощью звонившего!
Сообщите эту информацию своим знакомым, родным и близким.
Будьте бдительны и не дайте себя обмануть!

## Продолжается формирование добровольческого батальона «Каспий»




Главой Республики Дагестан Меликовым С.А. согласно приказу Министерства обороны Российской Федерации от 15 февраля 2023 г № 67 « Об определении порядка поступления граждан Российской Федерации в добровольческие формирования, пребывания в них и исключения из них, требований, предъявляемых к гражданам Российской Федерации, поступающим в добровольческие формирования и пребывающим в них, а также порядка заключения контракта гражданами Российской Федерации о пребывании в добровольческом формировании и типовой формы контракта принято решение о формировании республиканского добровольческого батальона «Каспий». Батальон будет сформирован из дагестанцев.

Для этого создан штаб, координирующий работу по формированию батальона, утверждены контактные телефоны диспетчеров для общения с кандидатами: +79884651891 +79677771777 +79604096595.

Социальные гарантии и условия службы в добровольческом отряде:
1) контракт может заключаться с гражданином сроком на шесть, восемь или двенадцать месяцев;
2) денежное содержание гражданина, пребывающего в добровольческом формировании:
- от 205 до 250 тыс. рублей согласно занимаемой должности, дополнительно единовременная выплата от республики 125 тыс. рублей;
- единовременная выплата в размере 5 миллиона рублей в случае гибели добровольца в случае гибели добровольца, дополнительная выплата от республики -1 250 000 руб. Плюс пенсия по случаю потери кормильца;
- при заключении нового контракта гражданину, пребывающему в добровольческом формировании, предоставляется 15 суток отдыха с правом убытия из воинской части-формирователя.

## Генпрокуратура признала нежелательной деятельность американского псевдо-фонда

Генпрокуратура объявила о том, что деятельность НПО «Свободная Бурятия», занимавшейся подстрекательством к отделению Бурятии от России, запрещена в РФ. Этот псевдо-фонд представляет угрозу для конституционного строя и территориальной целостности РФ. По данным следствия, данная организация имеет офисы в США и других государствах. Ранее она финансировала и организовывала протестные акции, направленные на дестабилизацию обстановки в Бурятии.

Эта организация также вела антиправительственную пропаганду, призывала к дезертирству из армии и распространяла недостоверную информацию о положении бурятского народа. В связи с этим Генпрокуратура прекратила деятельность фонда на территории РФ и признала его нежелательным. Это означает, что участие в данной организации будет считаться правонарушением и преследоваться по закону.

# ЛЪАЙ КЬЕЯЛЪУЛ ОТЛИЧНИК




Лъималазе гъваридаб лъай кьей гуребги гьелъ жинцаго нухмалъи гьабулеб классалъул ц1алдохъабазда гьоркьоб гьабулеб буго г1емеррахъазулаб тарбия кьеялъул х1алт1иги. Гьале Загьидатица гьарурал цо-цо классалъул саг1тазул ц1арал: «Наш Расул», «Добрата спасает мир», «Мы все разные», «Будущее в наших руках», г1акълу цебет1езабулеб х1ай «Умники и умницы» ва цогидалги. Школалда т1орит1улел г1аммал тадбиразда рихьизарурал лъик1ал х1асилазе г1оло школалъул дирекциялъул рахъалдасан классалъе щун буго чанго Х1урматалъул грамотаби.

З.Мух1амадовалъул х1акъалъулъ бицен ккедал школалъул директор Х1ажимурад Ах1мадхановас бицана: «Загьидат йиго гьабулеб ишалъулъ мух1канлъи бугей, ц1алдохъабазе гъваридаб лъайги лъик1аб тарбияги кьезелъун кидаго ц1и-ц1иял пайдаял къаг1идаби ралагьиялда т1ад х1алт1улей, х1алхьи гьеч1еб рак1алъул рак1 бац1ц1адай муг1алим». Загьидат Мух1амадовалъул к1удияб къадру-къимат буго школалъул коллективалда, ц1алдохъабазда ва лъималазул эбел-инсуда гьоркьоб.

**Мух1амад ГЪАЗИМУХ1АММАДОВ, школалъул педагог-организатор.**

# Шахматазул къецазда




23-24 сентябралда мугIрул улкаялъул тахшагьар МахIачхъалаялда букIана хехго шахматал хIаялде буссараб Дагъистаналъул чемпионат. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Унсоколо районалъул машгъурав шахматист АхIмад ГIумалаевас, гьес къецазда ккуна тIоцебесеб бакI, ГъазимухIамад ГъазимухIамадовги, гьес ккуна цкъабилеб бакI.

**Сураталда:** къецазда х1арал шахматистал.

# Что такое ПНЕВМОНИЯ

**Пневмония** — это группа воспалительных заболеваний лёгких, которые чаще возникают из-за попадания в дыхательные пути возбудителей инфекций: бактерий, вирусов, грибов.

Лёгкие состоят из маленьких воздушных камер — альвеол, которые наполняются воздухом при каждом вдохе. Через них кислород поступает в кровь, а углекислый газ выводится обратно. При пневмонии альвеолы воспаляются, в них появляется жидкость или гной, из-за этого объём вдыхаемого воздуха уменьшается, а в кровь попадает меньше кислорода. В результате человек не может нормально дышать, кажется, что ему не хватает воздуха.

**Причины пневмонии:**

К воспалению лёгких может привести множество причин: бактериальная, вирусная или грибковая инфекция, аллергия, вдыхание токсичных веществ или рвотных масс. От того, какой фактор вызвал пневмонию, во многом зависит тяжесть заболевания и способ его лечения. Однако симптомы у всех видов пневмонии будут одинаковыми: кашель, слабость, одышка Как передаётся пневмония От человека к человеку передаются вирусы, бактерии и грибы, которые могут стать причиной воспаления в лёгких. Так, некоторые вирусы и бактерии могут распространяться по воздуху через мельчайшие капли, которые выделяются из носа и рта при разговоре, кашле, чихании. Кроме того, возбудители могут оседать на окружающих предметах, например, дверных ручках или кнопках лифта. Если человек прикоснётся к инфицированной поверхности, а после этого потрогает своё лицо, то он рискует заразиться.

Ежедневно человек вдыхает сотни потенциально опасных возбудителей, однако заболевает редко: иммунная система хорошо справляется с патогенами.

Аспирационная пневмония не передаётся, а развивается только после вдыхания посторонних объектов или жидкостей.

**Заразна ли пневмония?**

Учитывая, что возбудителями пневмонии часто выступают вирусы и бактерии, человек с воспалением лёгких может быть опасен для других, потому что патогены легко передаются по воздуху или остаются на предметах.

**Лечение пневмонии:**

Тактика лечения зависит от причины и степени тяжести заболевания. Если воспаление небольшое, а пневмония протекает в лёгкой форме, то человека оставляют дома. Выраженное воспаление лечат в стационаре. Кроме того, в больницу госпитализируют людей из группы риска: старше 65 лет, маленьких детей, а также тех, у кого есть сопутствующие сердечно сосудистые заболевания, сахарный диабет, бронхиальная астма, хроническая обструктивная болезнь лёгких. Как предотвратить пневмонию

От пневмонии, вызванной пневмококком (пневмококковой инфекции), прививают детей и взрослых. Есть два типа вакцин: конъюгированные и полисахаридные. Взрослым обычно делают две прививки, детям — три. Против пневмонии, вызванной гемофильной палочкой, также есть вакцина.

Её делают детям в возрасте до 5 лет, а также взрослым с ослабленным иммунитетом: ВИЧ-инфицированным, людям с серповидно-клеточной анемией, а также после трансплантации органов и тканей, химиотерапии.

Кроме того, чтобы не подхватить инфекцию, которая может стать причиной пневмонии, нужно соблюдать общие меры предосторожности: - мыть руки не менее 20 секунд тёплой водой с мылом; - стараться не прикасаться руками к лицу;
- надевать маску в метро, торговом центре или других местах массового скопления людей;
- пользоваться личной посудой и не делиться ею с другими людьми;
- обрабатывать руки дезинфицирующим средством с содержанием спирта не менее 60%, когда вымыть их нет возможности.

**Буйнакский филиал ТФОМС**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 12. 10.2023 г. 15. 40 фактически -16. 30 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1002 экз.